

Enfòmasyon pou Fanmi:

Chanjman klas pou elèv ki gen plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEPs)

Resous sa a se pou fanmi elèv ki gen IEP ki patisipe nan evalyasyon ofisyèl¹. Pi ba a w ap jwenn yon deskripsyon prensip pou chanje klas pou diferan nivo klas. Nou ankouraje w itilize resous sa a pou poze kesyon sou kritè pou chanje klas pitit ou a ap gen pou respekte ansanm ak kalandriye pou resevwa mizajou sou pwogrè pitit ou a. Ou se yon manm enpòtan nan ekip IEP pitit ou a epi ou fè pati tout desizyon k ap pran nan kreyasyon IEP pitit ou a tankou kritè pou chanje klas yo.

Chanjman klas se pwosesis kote pwofesè decide si elèv yo pre pou chanje klas ak si yo metrize kontni ak teknik yo pou yo gen siksè. Regleman sou chanjman klas NYCDOE a dekri nan [Regleman Chanselye \(Chancellor's Regulation, CR\) A-501](#). Objektif la se asire elèv yo gen sipò yo bezwen pou bati baz solid nan literacy ak matematik avan yo ale nan lòt klas.

Klas K-2yèm ane

- Lekòl la evalye pèfòmans pitit ou a pandan ane lekòl la pou decide si li fè pwogrè pou satisfè nòm aprantisaj yo pou klas yo ye a nan literacy ak matematik. Sa gen ladan konsiderasyon pwogrè pitit ou a dapre nivo klas ak metriz objektif ki nan IEP yo.
- Oumenm ak pwofesè pitit ou a jwe yon wòl enpòtan nan pran yon desizyon pou di si pou pitit ou a chanje klas oswa si pou l double. Ou ta dwe diskite pwogrè pitit ou a nan konferans pwofesè/paran yo.
- Si pitit ou a se yon elèv k ap aprann lang anglè (English language learner, ELL), yo ka konsidere aprantisaj lang kòm yon faktè nan desizyon an men desizyon an pa ka pran sou baz konpetans nan lang anglè sèlman.
- W ap resevwa yon lèt an jen si y ap konsidere pou piti ou a double klas akoz yo panse li pa nan entrè l pou l chanje klas.

Nivo klas 3yèm-8yèm ane

- Yo ka mande pifò elèv ki gen IEP pou yo respekte menm kritè pou chanje klas ak kamard yo ki pa gen IEP. Yo rele sa *kritè ofisyèl pou chanje klas*. Sa vle di pitit ou a, ap kapab fè pwogrè pou l aprann kontni ak teknik yo egzijè yo, si li gen sipò ak sèvis apwopriye.
- Yo mezire pwogrè akademik chak elèv ak plizyè mezi pou evalye pwogrè yo. Plizyè mezi yo ka nòt egzamen, nòt klas, modèl disètasyon, pwojè, devwa ak lòt travay ki baze sou pèfòmans. Menm si yo ka konsidere nòt egzamen eta Nouyòk yo, gen dwa se pa yo menm ki sèl faktè pou decide pitit ou a pre pou l chanje klas. Lè yo itilize plizyè mezi, sa garanti pitit ou a gen plizyè opòtinite pou l montre li gen konesans ak kapasite.
 - Tanpri asire w mande pwofesè pitit ou a enfòmasyon sou teknik ak kontni pitit ou a bezwen pou li ka chanje klas. Mande pwofesè a tou enfòmasyon sou plizyè fason yo evalye pitit ou a.
- Li enpòtan pou elèv ki gen andikap (Students with disabilities, SWD) bay bon rannman ak antre nan pwochen klas la ak teknik ak kontni ki nesèsè pou yo ka gen siksè.
- Y ap bay pitit ou a enstriksyon, entèvansyon ak sipò ak sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye ak rekòmandasyon yo egzijè a pou l ka fè ase pwogrè pou l satisfè kritè pou chanje klas yo.. Elèv yo resevwa rekòmandasyon yo sou tout evalyasyon yo elijib yo, tankou [pòtfolyo sou chanjman kals DOE yo](#).
- Yon ti kantite elèv ka bezwen *kritè chanjman klas ki modifye (modified promotion criteria)*. Yo diskite kritè pou chanje klas yo nan chak reyinyon IEP epi yo decide kritè ki apwopriye pou pitit ou a nan reyinyon an, avèk opinyon pa w ak patisipasyon w. Si pitit ou a bezwen yon kritè pwomosyon ki modifye, l ap bezwen satisfè objektif anyèl pou literacy ak/oswa matematik ki nan IEP l la oswa l ap bezwen fè ase pwogrè pou l satisfè objektif sa yo pou l ka chanje klas nan fen ane a. Rezon ki fè pitit ou a bezwen kritè pou chanje klas ki modifye a, w ap jwenn li nan IEP a. Li enpòtan pou sonje kèlkeswa kritè pou chanje klas yo yon elèv sipoze respekte nan klas 3yèm-8yèm ane, tout elèv ki nan klas 9yèm-12yèm ane ki patisipe nan evalyasyon ofisyèl gen pou respekte satisfè kritè ofisyèl pou chanje klas yo. Kidonk, pou nou ka prepare pitit ou a pou li gen siksè nan lekòl segondè, nou vle asire nou li gen sipò ak sèvis ki apwopriye pou pèmèt pitit ou a gen aksè, patisipe ak pwogrese pou satisfè nòm aprantisaj ki pou klas pa yo.
- Nan klas 8yèm ane, tout elèv ki gen swa kritè pou chanje klas ofisyèl swa ki modifye dwe tou pase matyè debaz yo (ELA, matematik, syans ak syans sosyal) pou yo ka chanje klas.
- W ap resevwa yon avi an jen si yo konsidere pou pitit ou a double klas.

¹ Elèv ki patisipe nan [evalyasyon altènatif](#) pa gen pou respekte kritè pou chanje klas yo.

- Elèv ki pa chanje klas an jen oblije ale nan lekòl ete pou yo kontinye travay sou konsèp ak teknik y ap bezwen pou yo gen siksè nan pwochen kals la. Nan fen lekòl ete a, y ap pran yon desizyon final sou chanjman klas.

Klas 9yem-12yem ane

- Nan lekòl segondè, tout elèv ki patisipe nan evalyasyon ofisyèl (paegzanp, egzamen Regents), sipoze satisfè kritè ofisyèl pou chanje klas yo. Sa gen ladan yo elèv ki gen IEP.
- Nan lekòl segondè, direktè yo pran desizyon pou fè elèv chanje klas, dapre kredi yo genyen ak egzamen Regents. Direktè yo deside an jen si wi oswa non elèv yo sou chemen pou yo gradye oswa si elèv yo pral gen opòtinite pou patisipe nan lekòl ete pou ratrape kredi ak rebran egzamen Regents yo.
- **Gradyasyon:** Nan Eta Nouyòk, gen twa tip diplòm: yon diplòm lokal, yon **diplòm** Regents (Regents diploma) ak yon diplòm Regents avanse (Advanced Regents Diploma). Yo ta dwe ankouraje tout elèv ki gen IEP pou yo travay pou rive nan opsyon ki pi wo ki apwopriye pou yo a.
 - Tip diplòm pitit ou a pran depann de kredi ak nòt yo nan egzamen Regents espesifik yo, jan yo dekri l nan [pai entènèt ki sou kritè gradyasyon yo](#).
 - Si w panse pitit ou a pa gen kredi li bezwen pou l gradye a, tanpri pale avèk konseye pedagogik lekòl la imedyatman. Sonje yon elèv ka toujou depase kondisyon sa yo; sa yo se minimòm lan.
 - Gen plis detay sou kondisyon kredi ak egzamen pou chak tip diplòm ki disponib nan kat kondisyon pou gradyasyon an, ki pibliye sou [sit wèb NYC DOE](#) a epi ki disponib nan lekòl segondè pitit ou a.
- **Opsyon ki pa diplòm:** Genyen tou de sètifika elèv ka pran ki montre yo gen kapasite pou karyè. Kredi sa yo pa ekivalan yon diplòm lekòl segondè.
 - Sètifika Kòmansman etid fòmasyon pwofesyonèl ak metye (Career Development and Occupational Studies Commencement, CDOS) pèmèt elèv pwouve yo metrize konpòtman onivo akadèk ak pèsònèl nesèsè nan mache travay la. Yo ka pran l anplis yon diplòm lekòl segondè oswa kòm yon sètifika apa.
 - Elèv SWD ki patisipe nan Evalyasyon altènatif Eta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSAA) ka pran ladrès ak sètifika reyalizasyon ki ede yo gen kapasite pou preparasyon karyè, menm si se pa yon diplòm li ye.

Remak pou tout elèv ki nan klas K-12yèm ane:

Kanè yo la pou dokimante pwogrè elèv fè nan kourikoulòm edikasyon jeneral la. Nòt ki nan kanè pou tout elèv baze sou pwogrè pou rive metrize nòm aprantisaj NYSED ki nan nivo klas yo, kèlkeswa andiakp oswa kritè pou chanje klas yon elèv. Desizyon pou chanje klas yo baze sou plizyè mezi pwogrè elèv, tankou nòt klas, evalyasyon salklas, egzamen ofisyèl Eta Nouyòk ak lòt travay lekòl la chwazi. Nòt klas menm jan ak nòt egzamen se pa sèl faktè yo konsidere lè y ap pran desizyon pou nenpòt elèv chanje klas.

Elèv ki pa pase an jen gen opòtinite pou yo ale lekòl ete. An out direktè a pral evalye ankò pwogrè pitit ou a epi l ap pran yon desizyon final pou di si l ap chanje klas. Pou jwenn plis enfòmasyon sou lekòl ete, pale ak estaf nan lekòl pitit ou a epi gade [NYC DOE Summer in The City page](#). Si w gen enkyetid sou desizyon yo pran pou pitit ou a chanje klas, ou ka ale an apèl bò kote [sipèentandan](#) lekòl ou a ann out avan pwochen ane lekòl la kòmanse.

Kesyon

Si w gen kesyon sou kritè pou pitit ou a chanje klas oswa si pitit ou a satisfè kritè pou chanje klas yo, ou sipoze kontakte lekòl pitit ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl nan specialeducation@schools.nyc.gov.